

Paj Enfòmasyon sou Jistis Anviwònmantal (EJ): Konpayi Global LLC

Adrès: 281 Eastern Avenue, Chelsea, Massachusetts 02150

Kontak Aplikan an: Tom Keefe, Vis Prezidan Anviwònmantal, Sante ak Sekirite, Konpayi Global LLC yo, tkeefe@globalp.com, (781) 398-4132

Rezime Jeneral sou Konpayi Global LLC

Konpayi Global LLC (Global) ap opere yon tèminal gaz ki sitiye nan 281 Eastern Avenue nan vil Chelsea, MA. Gulf Oil te posede enstalasyon sa jiska 8 Avril 2024 la. Tèminal la jere pwodui gaz an gwo tankou gazolin, dyezèl, lwil chofaj, ak gaz renouvlab. Yo resevwa pwodui gaz sa yo pa bato, chaloup, ak kamyon-sitèn, yo estoke yo nan gwo tank depo ki sou tè, epi distribye yo bay kamyon-sitèn sou yon platfòm chajman pou kamyon.

Aplikasyon pou Pèmi Ayeryen ak Enfòmasyon sou Pwojè a

Tèminal Global Eastern Ave la ap fonksyone anba yon Plan Apwobasyon Kondisyonèl ki pa Majè nmCPA No. MBR-06-IND-020, ke yo te bay Gulf Oil an 2006.

Pou adapte ak chanjman sou mache a ki vini apre fèm ti kèk tèminal majè nan rejyon Boston, ki gen ladan ansyen enstalasyon Global nan Revere, MA, ak enstalasyon ExxonMobil nan Everett, MA—Global ap pwopoze pou: 1) Enstale sis bra chajman gazolin, 2) Enstale yon nouvo sistèm kontwòl emisyon ki garanti yon pousantaj emisyon ki se mwatye sa sistèm aktyèl la bay, epi 3) Itilize sistèm aktyèl la kòm rezèv epi elimine sistèm teknoloji rezèv ki ansyen an. Pwojè sa a ap bese pousantaj emisyon potansyèl yo.

Revizyon MassDEP ak Enplikasyon Piblik


MassDEP ap revize aplikasyon pèmi sa a kounya. Aprè li fin revize li, MassDEP ap pwopoze yon desizyon pou apwouve oswa rejte aplikasyon pèmi a, epi l ap mete yon peryòd 30 jou pou piblik la bay kòmantè sou desizyon li pwopoze a.

Aplikasyon pèmi a disponib kounya pou revizyon piblik atravè EEA ePLACE Public Access Portal:

<https://eeaonline.eea.state.ma.us/EEA/PublicApp/>

Si w ta renmen bay yon kòmantè pandan peryòd kòmantè piblik la louvri, tanpri swiv enstriksyon sa yo: Louvri paj prensipal EEA ePLACE Portal ki mansyone pi wo a. Pou chèche aplikasyon espesifik la, klike sou bouton oranj ki make “Search and/or Comment”, (Recherche ak/oswa komante) epi klike sou non aplikan/enstalasyon an sou paj ki parèt la. Si w ta renmen resevwa notifikasyon sou desizyon ki pwopoze a ak peryòd kòmantè piblik la, tanpri kontakte Chèf Pèmi Kalite Lè pou Rejyon Nòdès MassDEP lan nan Edward.Braczyk@Mass.gov.

Popilasyon Jistis Anviwònmantal (EJ)



Imaj MassDEP EJ prezantasyon kat jewografik ki anlè a montre relasyon lokalizasyon enstalasyon sa a ak Popilasyon Jistis Anviwònmantal (EJ) ki toupre yo.

Popilasyon Jistis Anviwònmantal (EJ) ki sitiye a yon mil distans ak enstalasyon an baze sou kritè EJ yo sou minorite, revni, ak izolasyon lang Anglè. Popilasyon EJ yo sitiye nan Vil Everett, Vil Boston, Vil Somerville, Vil Medford, ak Vil Chelsea.

Yo te lokalize Kominote Jistis Anviwònmantal (EJ) yo lè yo itilize sistèm kat entèaktif Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònman Massachusetts (EEA) lan: [Environmental Justice Populations in Massachusetts \(arcgis.com\)](https://arcgis.com). Pou plis enfòmasyon sou Jistis Anviwònmantal (EJ), tanpri gade Apèsi Fich Enfòmasyon sou EJ MassDEP la (ki tache nan imèl sa a).

Enfòmasyon kontak pou kesyon ki konsène enplikasyon Jistis Anviwònmantal (EJ):

Kayla Clarke, Kowòdonatè Pwogram, Jistis Anviwònmantal nan Kayla.Clarke@mass.gov



MassDEP
Commonwealth of Massachusetts
Department of Environmental Protection

Enfòmasyon kontak pou kesyon ki konsène plan aplikasyon an:

Neelakshi Hudda, Enjenyè Anviwònmantal, Biwo Kalite Lè ak Fatra nan Neelakshi.Hudda@mass.gov